

BAB II

ULIKAN TIORI, PANALUNTIKAN SAMÉMÉHNA, JEUNG RARAGA MIKIR

2.1 Ulikan Tiori

Dina ulikan tiori medar: sastra bandingan, *novél*, jeung strukturalisme.

2.1.1 Sastra Bandingan

Ieu panaluntikan téh ngabandingkeun antara dua téks nyaéta sastra Sunda jeung sastra Indonesia. Téksna nyaéta novél *Baruang ka nu Ngarora* jeung novél *Siti Nurbaya*. Ku kituna ieu panaluntikan ngagunakeun ulikan sastra bandingan.

2.1.1.1 Wangenan Sastra Bandingan

Kecap *bandingan* asalna tina kecap *banding*, bandingan dina kontéks ieu aya ogé anu nyebutkeun sastra *perbandingan*. Bandingan ogé bisa miboga harti (*to compare*) tina rupa-rupa hal. Sastra bandingan ogé miboga harti ngabandingkeun dua karya atawa leuwih (Endraswara, 2014, kc. 1). Nurutkeun Ruhaliah (2016, kc. 7), sastra bandingan (*literary comparative*) téh mangrupa hiji tarékah pikeun ngabandingkeun dua karya sastra. Sastra bandingan teu ngan saukur ngawengku hiji widang kajian, tapi mangrupa sawangan anu gembleng ngeunaan sastra, sarta budaya sagemblengna, ékologi kamanusiaan, *weltanschauung* kasusastraan, hiji sawangan ngeunaan *semesta* budaya, anu dalit ngahiji. Ku kituna sastra bandingan ogé umumna ngabahas ngeunaan hubungan antar dua karya sastra atawa leuwih anu miboga latar budaya anu béda, tapi miboga sasaran boh tina wangun atawa kontéks. Sastra bandingan ogé minangka pangaruh anu bisa dipatalikeun jeung *noetika* nyaéta patalina kana pangaweruh sarta cara ngolahna. Ku kituna, ulikan sastra bandingan mah bakal leuwih euyeub ku sabab bahan panalungtikanna leuwih ti hiji karya.

Nurutkeun Bassnett dina Ruhaliah (2016, kc. 9) sastra bandingan nyaéta kajian *indiscipliner* antara téks-téks sacara lintas budaya anu museur kana pola-pola hubungan dina sastra anu béda boh anu sipatna lintas ruang atawa lintas waktu. Darmono dina Ruhaliah (2016, kc. 4) sastra bandingan ogé nyaéta hiji métode pikeun ngalegaan pamarekan sastra, henteu ngan saukur dumasar bangsa jeung

nagara. Luyu jeung pamadegan Nada dina Damono (2015, kc. 4) sastra bandingan nyaéta ulikan sastra hiji bangsa anu aya patalina antara sajarah jeung sastra bangsa lianna, kumaha prosés silih pangaruhan antara hiji bangsa jeung séjén, boh naon anu geus dicangking tina hiji sastra, boh naon anu geus disumbangkeun. Leuwih lengkepna deui numutkeun Darmono dina Anggradinata, (2020, kc. 78) sastra bandingan mangrupa métode, lain hiji téori pikeun maluruh karya sastra. Ieu hal lantaran, unggal nu ngulik bisa ngagunakeun téori atawa perspektif jeung konsep naon waé dina maluruh hiji karya sastra (teu ngagunakeun aturan nu tangtu), upamana strukturalisme, semiotika, intertekstualitas, resepsi sastra, psikoanalisis, sosiologi sastra, jst.

Cindekna, sastra bandingan téh nyaéta métode pikeun ngulik ngeunaan dua téks sastra atawa leuwih anu di jerona bisa maké téori atawa konsep naon waé dina maluruh hiji karya sastra sarta miboga kasang tukang sosial, budaya, waktu, jst. Analisis babandingan dipaké ku cara ngabandingkeun sasaran jeung bébédaan dina karya sastra, tujuanna lain pikeun néangan mana anu leuwih onjoy, tapi tujuanna nyaéta nyangking pamahaman leuwih teleb ngeunaan hiji karya.

2.1.1.2 Sajarah Kamekaran Sastra Bandingan

Nurutkeun Endraswara (2014, kc. 32) istilah sastra bandingan mimiti digunakeun ku Noel jeung Lapace dina antologina ngeunaan kasusastraan Prancis jeung Inggris anu judulna *Cours de Litterature Compare* taun 1816. Dina pamadegan séjén, nurutkeun Franco dina Nugraha (2021, kc. 165) aya ngaran Abel Francois Villemain nu dina taun 1820an méré sési kuliah ngeunaan sastra jeung matéri kuliahna nu medal dina taun 1828, 1829, jeung 1830 nu maluruh sastra abad ka-18 jeung babandingan karya sastra di abad pertengahan nu salna ti nagara Perancis, Spanyol, Italia, jeung Inggris. Éta ogé anu ngalantarankeun Abel Francois Villemain disebut “bapak sastra bandingan. Dina sajarahna, istilah sastra bandingan atawa *literature compare* mimiti ditepikeun ku A.F. Villemain dina taun 1829, sedengkeun istilah *histoire comparative* mimiti ditepikeun ku J.J. Ampere dina taun 1848 (Ruhaliah, 2016, kc. 13). Tapi sastra bandingan anu mimiti ayana dina artikel anu dimuat dina *Revue des Deux Mondes* karya Sainte-Beuve terbitan tau

1868, eusina ngaguar ngeunaan mimiti mekarna sastra bandingan di Prancis dina abad ka-19 (Damono, 2015, kc. 14).

Dumasar kana sajarahna, sastra bandingan miboga dua aliran. Aliran kahiji nyaéta aliran Prancis atawa anu disebut ogé aliran heubeul, disebut aliran Prancis kusabab mimiti gelarna di Prancis. Aliran kadua nyaéta aliran Amerika atawa aliran anyar, disebut aliran anyar kusabab ngamekarkeun deui aliran anu geus aya dina aliran Prancis (Endraswara, 2014, kc. 25).

Aliran Prancis miboga tiori yén sastra bandingan téh nyaéta babandingan karya sastra anu sistematis jeung asalna ti dua nagara anu béda. Salian ti éta, aliran Prancis museur kana bukti-bukti anu nyata saperti dokumén pribadi pangarang jeung nolak kana kritik sastra salaku unsur utama dina sastra bandingan, sarta ngan ngajéntrékeun analogi jeung bébédaanana hungkul. Sedengkeun aliran Amerika miboga sawangan anu séjén ngeunaan sastra bandingan. Ieu aliran miboga sawangan yén sastra bandingan téh bisa ngabandingkeunna antara karya sastra, disiplin élmu, jeung seni anu tangtu. Saperti sastra jeung sajarah, sastra jeung falsafah, sastra jeung ékonomi, sastra jeung politik, sastra jeung sosiologi, sastra jeung agama, sarta sastra jeung seni lukis (Endraswara, 2014, kc. 27).

Nurutkeun Hutomo dina Ruhaliah (2016, kc. 15) ulikan sastra bandingan di Nusantara dibagi jadi tilu kelompok, saperti ieu di handap.

- 1) Sastra bandingan heubeul, dina ieu sastra bandingan anu dibandingkeunana nyaéta sastra anu gelarna heubeul, anu diulikna nyaéta dina widang filologi.
- 2) Sastra bandingan lisan, anu dibandingkeunana nyaéta sastra anu dina wangun lisan atawa tradisi lisan.
- 3) Sastra bandingan modéren, maksudna nyaéta téks anu dibandingkeunana téh nu kaasup kana sastra modéren.

Inohong sastra bandingan di Indonesian diantaranya aya Puji Santoso (Pusat Bahasa), Ruhaliah (UPI), Dhanu Priyo Prabowo (Balai Bahasa Yogyakarta), Arif Rohman jeung Heddy Shri Ahimsa Putra (UGM), Suwardi Endraswara (UNY).

Sacara gurat badag sastra bandingan miboga sababaraha fungsi pikeun kahirupan sastra, nyaéta di antarana:

- 1) ngalempengkeun prosés kréatif hiji pangarang;

- 2) mantuan para ahli sastra dina nyusun sajarah sastra, sarta maluruh ayana unsur plagiarism atawa henteu;
- 3) maluruh deui unsur-unsur orisinalitas hiji karya sastra; jeung
- 4) Ngaronjatkeun kréativitas pangarang dina ngahasilkeun hiji karya (Endraswara, 2014, kc. 105-106).

2.1.1.3 Widang Kajian Sastra Bandingan

Dumasar objék garapanna sastra bandingan medar ngeunaan opat kelompok panaluntikan, nyaéta:

- 1) maluruh patalina hiji karya jeung karya séjénna kaasup aya henteuna pangaruh hiji téks kana téks séjén;
- 2) maluruh téma hiji karya;
- 3) maluruh gerakan atawa loyogna hiji karya; jeung
- 4) nganalisis karyana (Ruhaliah, 2016, kc. 24).

Satuluyna nurutkeun Kasim dina Ruhaliah (2016, kc. 25) medar ngeunaan opat sipat sastra bandingan, nyaéta komparatif, historis, téoritis, jeung antar disiplin.

1) Kajian nu Sipatna Komparatif

Ieu ulikan mangrupa léngkah mimiti dina ayana sastra bandingan, sarta dianggap anu pangpentingna. Anu diulikna nyaéta pangaruh jeung sasaranana, biasana anu dianalisis téh unsur-unsurna tapi bisa ogé téks anu sarua tina wanda téks anu béda.

2) Kajian nu Sipatna Historis

Dumasar sastra bandingan, ieu ulikan museur kana ajén-ajén historis anu jadi kasang tukang ayana hiji téks jeung téks séjénna, atawa maluruh téks di hiji tempat jeung asupna ka tempat séjén. Sarta ngaguar patalina antara karya sastra, masalah sosial, jeung filsafat. Pangaruhna bisa saperti ide, aliran, tiori kritik sastra, atawa asupna hiji *genre* ti bangsa séjén.

3) Kajian Bandingan Téoritik

Dina panaluntikan sastra bandingan aya ulikan téoritik anu museur kana konsép, kritéria, watesan, atawa aturan-aturan dina widang sastra saperti konsép ngeunaan genre, aliran, wangun, tiori, atawa kritik sastra.

4) Kajian antardisiplin ÉlmU

Ulikan antardisiplin élmU nyaéta anu ngaguar ngeunaan eusi téks sastra anu aya patalinajeung élmU séjén. Upamana waé dina wawacan aya anu eusina ngeunaan, agama, agraris, seni, hukum, ékonomi, sajarah, tatanén, tetekon hirup jeung sajabana.

Salian ti sipat sastra bandingan, aya ogé tiori anu bisa digunakeun dina nalungtik sastra bandingan, nyaéta saperti ieu di handap.

1) Tiori Résépsi

Anu dimaksud tiori résépsi nyaéta réaksi anu maca kana hiji téks anu dibacana. Téks anu dibaca jadi ide kana ayana téks séjén.

2) Tiori intertékstual

Ieu tiori dipaké pikeun maluruh sababaraha téks anu dianggap aya patalina jeung karya sastra séjénna (Ruhaliah, 2016, kc. 30-31).

Satuluyna nurutkeun Brown dina Nugraha, (2021, kc. 67-69)nuliskeun sababaraha catetan penting patali jeung sastra bandingan di antarana saperti ieu di handap;

- 1) kahiji, sastra bandingan nyaéta hal tangtu nu nuduhkeun hiji sasaran jeung bébédan;
- 2) kadua, prosés jeung hasil tina babandingan ilaharna miboga cicirén problematika, lantaran udagan tina ngabandingkeun tangtu dilakukeun dina raraga néangan bébédan jeung sasaran sangkan luaran nu aya tangtu bébédan jeung sasaran. Pamadegan dina kacindekan patali jeung sasaran tur bébédan antar karya satemenna asup kana bagéan rétorika;
- 3) katilu, sastra bandingan nalingakeun isu anu patali jeung babandingan. Sastra bandingan, sanajan bisa ngabandingkeun karya-karya naon waé, tapi ku catetan ngalakukeun babandingan karya nu sakuduna jeung dianggap miboga hal nu tangtu pikeun dibandingkeun; jeung
- 4) kaopat, dina nyangking karya-karya minangka salahsahiji obyék sastra bandingan, kudu jadi bahan tinimbangan kumaha éta karya jadi obyék nu mampuh ngahasilkeun paguneman hiji jeung nu séjénna dina hiji topik atawa

leuwih nu miboga ajén dina maluruh karya-karya anu dibandingkeun jeung atawa rélevan jeung topik paguneman

2.1.1.4 Motif Indéks Stith Thompson

Nurutkeun Ruhaliah, (2016, kc. 40) dina ngabandingkeun téks sastra bisa ngagunakeun motif indéks anu geus disusun ku Stith Thompson, boh dina ngabandingkeun sastra lisan boh sastra tulis. Aya rébuan motif indéks jeung subindéks anu bisa dipilih. Sanajan tadina dipaké pikeun ngabandingkeun dongéng, tapi ayeuna bisa dipaké pikeun ngabandingkeun téks sastra klasik dina wanda séjén. Saperti dina sastra Sunda sarupaning carita pantun, carita wayang, wawacan, jeung sajabana.

Motif indéks anu disusun ku Stith Thompson téh digolongkeun kana 23 katégori, nyaéta aya

Mythology Motifs, Animal Motifs, Motifs of Tabu, Magic, The Dead, Marvels, Ogres, Test, The Wise and The Foolish, Deceptions, Reversals of Fortune, Ordaining The Future, Chance and Fate, Society, Rewards and Punishment, Captives and Fugitives, Unnatural Cruelly, Sex, The Nature Of Life, Religion, Traits of Character, Humor, Miscellaneous Group of Motifs (Ruhaliah, 2016, kc. 40).

Tina 23 motif indéks téh diwincik deui jadi ratusan submotif, saterusna dirinci deui jadi rébuan subtéma. Éta submotif téh diwincik deui jadi rebuan submotif lianna. Cindekna, loba pisan bahan anu bisa dipaké pikeun ngabandingkeun téks karya sastra, boh dina ngabandingkeun sastra Sundana sorangan, boh dina ngabandingkeun antara sastra Sunda jeung sastra ti bangsa séjén.

2.1.2 Novél

2.1.2.1 Wangenan Novél

Asmaul Farida Azizi, (2019, kc. 62) nétélakeun novél mangrupa karya sastra anu di jerna ngalibetkeun kajiwaan manusa. Dina Iskandarwassid (2019, kc.139) nétélakeun yén novél téh nyaéta prosa rékaan (fiksi) nu ngawujud lalakon (naratif), galur caritana ngarancabang (kompleks). Ku kituna novél bisa leuwih teleb dina ngagambarkeun kahirupan, boh dina latar boh dina ngahirupkeun karakteristik palaku. Novél ogé lalusa dina ngagambarkeun rupa-rupa kajadian.

Muhammad Galuh Sumbirat Mulyana, 2022
BABANDINGAN NOVÉL *BARUANG KA NU NGARORA* KARYA D.K. ARDIWINATA JEUNG NOVÉL *SITI NURBAYA* KARYA MARAH RUSLI (Ulukan Struktural jeung Sastra Bandingan)

Stanton (2019, kc. 90) nétélakeun yén novél mangrupa salah sahiji karya sastra dina wangun prosa anu mampuh ngadatangkeun kamekaran hiji karakter, dina kaayaan sosial anu pajurawet, ngahijikeun loba henteuna karakter, ngadadarkeun rupa-rupa pangalaman anu kungsi karandapan dina jaman bihari kalawan écés, bisa nyiptakeun sarta ngaguar kaayana semesta sacara lengkep tur pakusut.

Nurutkeun Sumardjo (1988, kc. 29) dina harti anu jembar novél mangrupa carita wangun prosa dina ukuran anu leuwih jembar. Ukuranna anu jembar téh sarua hartina jeung carita anu diwangun ku plot atawa galur anu kompleks, karakter anu leuwih loba, téma anu kompleks, kaayaan carita anu réa rupana, sarta latar carita anu rupa-rupa.

Ku kituna nurutkeun tilu pamadegan di luhur, bisa dicindekeun yén novél téh nyaéta karya sastra dina wangun prosa atawa fiksi, anu galurna ngarancabang, karakter anu leuwih loba, sarta téma anu kompleks. Ku kituna novél bisa leuwih teleb ngagambarkeun kahirupan sapopoé dina latar atawa karakteristik palaku.

2.1.2.2 Sajarah Kamekaran Novél

Novél anu munggaran medal di tatar Sunda nyaéta *Baruang ka nu Ngarora* karya D.K. Ardiwinata terbitan balai pustaka dina taun 1914. Éta novél téh leuwih tiheula batan novél dina sastra Indonesia taun 1920 (Isnendes, 2010, kc. 40). Jadi novél téh mangrupa karya sampeuran, sabab ayana novél di tatar Sunda dipangaruhan ku budaya barat, luyu jeung nu ditétélakeun dina périodisasi sastra nurutkeun Ruhaliah (2012, kc. 45) novél datang ka tatar Sunda dina mangsa kaopat taun 1900-1945. Penerbit anu munggaran diadegkeunna ku pamaréntah Walanda dina taun 1908 ku pamedal *Commise voor Volkslecture* kiwari mah katelahna Balé Pustaka. Balé pustaka atawa balai pustaka miboga peran anu kalintang pentingna lantaran rutin nyitak jeung medalkeun novél-novél Sunda.

1) Mangsa Kaopat

Novél Sunda anu munggaran dicitak nyaéta *Baruang ka nu Ngarora* anu ditulis ku D.K. Ardiwinata tur dipedalkeun ku Balai Pustaka Jakarta dina taun 1914. Lian ti éta, dina mangsa kaopat periodisasi sastra taun 1900-1945, Ruhaliah (2012, kc. 56) nétélakeun sababaraha karya sastra anu medal, di antarana ieu di handap.

Tabél 2. 1
Novél Sunda nu Medal Taun 1900-1945

No	Judu	Pangarang	Penerbit	Kota	Tau n
1.	<i>Carita Abdurrahman jeung Abdurrahim</i>	R. H. Muhammad Musa	Ruygrad & Co.,	Betawi	1911
2.	<i>Carita Jalma Paminggatan</i>	R. Ardiwinata	Ruygrad & Co.,	Yogyakarta	1912, 1922
3.	<i>Baruang ka nu Ngarora</i>	D. K. Ardiwinata	Weltevreden / Balé Pustaka, Volkslectuur, Pustakan Sunda, Rahmat Cijulang, Pustaka Sunda	-	1914, 1950, 1921.
4.	<i>Carios Radén Ustama</i>	R. Ardiwinata	Weltevreden	-	1919
5.	<i>Ceurik Abdi</i>	Garaka	-	-	1919
6.	<i>Carios Ki Santri Gagal</i>	Mas Netawirja	Commisie voor de Volkslectuur	-	1921
7.	<i>Babad Jampang</i>	Adiwisatra	Balé Pustaka	Jakarta	1922
8.	<i>Moro Julang Ngaleupaskeun Peusing</i>	MA. Salmun	-	-	1923
9.	<i>Carita Nyi Sukaésih</i>	Kartapraja	Balé Pustaka	Jakarta	1923
10.	<i>Euis Acih</i>	Joehana	Dahlan Békti	Bandung	1923
11.	<i>Néng Yaya</i>	Joehana	Dahlan Békti	Bandung	1923
12.	<i>Siti Rayati</i>	Muhamad Sanusi	Dahlan Békti	Bandung	1923, 1927,

Muhammad Galuh Sumbirat Mulyana, 2022
BABANDINGAN NOVÉL *BARUANG KA NU NGARORA* KARYA D.K. ARDIWINATA JEUNG NOVÉL *SITI NURBAYA* KARYA MARAH RUSLI (Ulukan Struktural jeung Sastra Bandingan)

No	Judu	Pangarang	Penerbit	Kota	Tau n
					(?)
13.	<i>Carios Agan Permas</i>	Yuhana	Dahlan Békti, Girimukti Pasaka	-	1926, 1996
14.	<i>Rusiah nu Goréng Patut</i>	Yuhana	Dahlan Békti, Pustaka Sunda	-	1926, 1928, (?), 2007
15.	<i>Pait Paheurna Nyandung</i>	Nyi Radén Permasih	Balé Pustaka	-	1923, 1927, (?)
16.	<i>Mantri Jero</i>	R. Méméd Sastrahardiprawir a	Balé Pustaka,	-	1926, 1958, 1983, 2007
17.	<i>Gunung Gelenyu</i>	Joehana	Dahlan Békti	-	1928
18.	<i>Hutang Nyeri Bayar Nyeri</i>	Joehana	Balé Pustaka	-	1928
19.	<i>Mugiri</i>	Joehana	Dahlan Békti, Kusradi, Girimukti Pustaka	-	1928, 1928, 1989
20.	<i>Dibélaan Pegat Nyawa</i>	Muhamad Sanusi	Dahlan Békti	-	1928

2) Mangsa Kalima Taun (1945-1965)

Loba karya sastra anu dijieun sarta dicitak dina wangun buku dina mangsa kalima (1945-1965). Ieu hal lantaran kapangaruhan ku situasi pulitik jeung pamaréntahan (Ruhaliah, 2012, kc. 63). Sabada Indonesia merdeka, kabeungharan novél Sunda beuki ngaronjat, sawatara karya sastra dina wangun novél anu medal dina mangsa kalima di antarana ieu di handap.

Tabél 2. 2
Novél Sunda nu Medal taun 1945-1965

No.	Judul	Pangarang	Penerbit	Kota	Taun
1.	<i>Numbuk di Saé</i>	Moch. Ambri	Balé Pustaka	Jakarta	1949
2.	<i>Lain Éta</i>	Moch. Ambri	Balé Pustaka, Depdikbud	Jakarta	1950, 1978
3.	<i>Gogoda ka nu Ngarora</i>	MA. Salmun	PT. Kiblat	Bandung	1951
4.	<i>Pusaka Ratu Teluh</i>	Moch. Ambri	Balé Pustaka	Jakarta	1932
5.	<i>Ngawedalkeun Nyawa</i>	Moch. Ambri	Balé Pustaka	Jakarta	1958, 1965, 1979, 2007
6.	<i>Si Kabayan Jadi Dukun</i>	Moch. Ambri	Balé Pustaka	Jakarta	1958
7.	<i>Numbuk di Saé</i>	-	Balé Pustaka	Jakarta	1958
8.	<i>Maryamah</i>	-	Balé Pustaka	Jakarta	1959
9.	<i>Hujan Munggaran</i>	-	Balé Pustaka	Jakarta	1960
10.	<i>Papacangan</i>	-	Balé Pustaka	Jakarta	1960
11.	<i>Dongéng Énténg di Pasantrén</i>	R.A.F	Taraté	Bandung	1961, 1969
12.	<i>Laksana</i>	M.I. Adnanwidjaja	Taraté	Bandung	1961
13.	<i>Rusing nu Goréng Patut</i>	-	Kiwari	Bandung	1963, 1983
14.	<i>Rusiah nu Kasép</i>	Nyi R. H. Hadijah	Galura	-	1922, 1964
15.	<i>Carmad</i>	Thanrahajat	Manglé	Bogor	1964
16.	<i>Dodoja Tinema Bagja</i>	Thanrahajat	Manglé	Bogor	1964
17.	<i>Di Lembur Kuring</i>	Syarif Amin	Ganaco	Bandung, Jakarta	1964
18.	<i>Randa Béngsras</i>	Yus Rusamsi	Komara	-	1965,

Muhammad Galuh Sumbirat Mulyana, 2022
BABANDINGAN NOVÉL BARUANG KA NU NGARORA KARYA D.K. ARDIWINATA JEUNG NOVÉL SITI NURBAYA KARYA MARAH RUSLI (Ulukan Struktural jeung Sastra Bandingan)

No.	Judul	Pangarang	Penerbit	Kota	Taun
					1983
19.	<i>Kambang Patapan</i>	Syarif Amin	Pelita Masa	-	1953, 1963, 1974
20.	<i>Méméhna</i>	Syarif Amin	Kiwari	-	1965, 1976

3) Mangsa Kagenep taun 1965-2000

Dina mangsa kagenep novél di tatar Sunda loba kapangaruhan ku kaayaan pulitik jaman harita, ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Ruhaliah (2012, kc. 73) kaayaan pulitik di tatar Sunda tangtu waé mangaruhan kana situasi sastra Sunda, novél anu gumelar dina mangsa harita kawilang réa. Dina mangsa kagenep novél anu medal dianggap ngandung ajén sastra sarta dipedalkeun ku Balé Pustaka, aya ogé anu dipidangkeun di radio, dicitak dina wangun buku-buku leutik, katut tina hiji judul bisa jadi sababaraha jilid. Nurutkeun Ruhaliah (2012, kc. 76) novél anu medal dina mangsa kagenep di antarana ieu di handap.

Tabél 2. 3
Novél Sunda nu Medal Taun 1965-2000

No.	Judul	Pangarang	Penerbit	Kota	Taun
1.	<i>Numbuk di Saé</i>	Moch. Ambri	Balé Pustaka	Jakarta	1949
2.	<i>Demi Pasukan</i>	Saini Karnamisastra	Sargami	Bandung	1966
3.	<i>Néangan Bapa</i>	M.A Salmun	Pusaka Sunda	-	1966
4.	<i>Katalimbeng</i>	Eddi Tarmidi	Pusaka Sunda	Bandung	1967
5.	<i>Farida keur Tunggara</i>	Budidarma	Pusaka Sunda	Bandung	1967
6.	<i>Maju Jurang Mundur Jungkrang</i>	Ki Umbara	Pusaka Sunda	-	1967
7.	<i>Amanat nu Congo Bedil</i>	Adang S.	Pusaka Sunda	Bandung	1967
8.	<i>Rajétma Haté Awéwé</i>	Émas	Pusaka Sunda	Bandung	1967

Muhammad Galuh Sumbirat Mulyana, 2022
BABANDINGAN NOVÉL BARUANG KA NU NGARORA KARYA D.K. ARDIWINATA JEUNG NOVÉL SITI NURBAYA KARYA MARAH RUSLI (Ulukan Struktural jeung Sastra Bandingan)

No.	Judul	Pangarang	Penerbit	Kota	Taun
9.	<i>Srangéngé Surup Mantén</i>	Ahmad Bakri	Pusaka Sunda	Bandung	1968
10.	<i>Asmana Ngambah Sagara</i>	Aam Amilia	Pusaka Sunda	Bandung	1968
11.	<i>Nu Seungit Dipulang Asih</i>	Ahmad Bakri	Angkasa	Bandung	1968
12.	<i>Embah Sayang Hawu</i>	Caraka	-	-	-
13.	<i>Patepang Tengah Peuting</i>	Winarya Artadinata	Balé Pustaka	Jakarta	1971
14.	<i>Kembang Rumah Tangga</i>	Caraka	-	-	1972
15.	<i>Pipisahan</i>	R.A.F	Pustaka Jaya	-	1977
16.	<i>Néangan Piduriateun</i>	K.T.S	-	-	1977
17.	<i>Puputon</i>	Aam Amilia	Mitra Kencana	-	1979
18.	<i>Sudagar Batik</i>	Ahmad Bakri	Pustaka Jaya, PT. Kiblat	Jakarta	1980, 2004
19.	<i>Buron</i>	Aam Amilia	Pustaka Daséntra	-	1983
20.	<i>Bagus Rangin</i>	Yoseph Iskandar	Unpas	-	1990

Tina sababaraha novél anu geus diwincik di luhur, dina mangsa kagenep aya ogé novél anu dipidangkeun dina radio, anu di bacakeun ku penyiar nu dijomantarakeun mangrupa dongéng énténg. Nurutkeun Ruhaliah (2012, kc. 79) pangna kitu téh lantaran dibaca nyambung sarta dina palebah carita raraména sok dipotong pikeun ngahudangkeun kapanasaran anu ngadéngékeunna. Sawatara novél nu dipidangkeun dina radio di antarana ieu di handap.

Tabél 2. 4
Novél Sunda nu dipidangkeun dina Radio

No.	Judul	Pangarang	Penerbit	Kota	Taun
1.	<i>Biduri Wulung</i>	Moh. Ambri	Balé Pustaka	Jakarta	1949

No.	Judul	Pangarang	Penerbit	Kota	Taun
2.	<i>Harga Awéwé</i>	Y.M. Wiramiharja	Nurani	Bandung	1967
3.	<i>Nyulik Parawan</i>	Muh. Sapri	-	Bandung	1967
4.	<i>Enok Maé</i>	K. Soekarna	-	-	1968
5.	<i>Jago Bojong</i>	K. Soekarna	-	-	1968
6.	<i>Murtad</i>	Wahyu Adam	Wargina	Bandung	1971
7.	<i>Waliwas Bodas</i>	S. Sukandar	-	-	1969
8.	<i>Mojang Désa</i>	Wahyu Adam	-	-	1968
9.	<i>Mojang Kota</i>	Nami Sudarma	Sunda Buana	Bogor	1967
10.	<i>Cipanon Hideung</i>	S. Sukandar	-	-	1969
11.	<i>Jaka Linglung</i>	S. Sukandar	-	-	1971
12.	<i>Tumbak Wulung</i>	Entang Sumarna	Laksana	Bandung	1971
13.	<i>Seri Déwi</i>	S. Sukandar	-	-	1967
14.	<i>Béntang Pasar</i>	-	-	-	-
15.	<i>Mulung Muntah</i>	K. Sukarna	-	Bandung	1967
16.	<i>Katalimbeng</i>	Eddi Tramidi	Pusparéa	Bandung	1967
17.	<i>Kembang Buruan</i>	K. Sukarna	-	-	-
18.	<i>Lain Jodo</i>	Muh. Sapri	-	Bandung	1967
19.	<i>Teu Nyana ari Jodo</i>	Muh. Sapri	Nurani	Bandung	1967
20.	<i>Nu Geulis Kasurupan</i>	Muh. Sapri	-	-	1967

4) Mangsa Katujuh taun 2000-nepi ka kiwari

Dina mangsa katujuh ayana rojongan ti pamaréntah pikeun nerbitkeun buku bacaan Sunda loba karya anu medal. Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Ruhaliyah (2012, kc. 95) yén ayana tarékah pamaréntah pikeun nyadiakeun buku pangajaran jeung bacaan dina basa Sunda ogé mangrupa pangrojong medalna buku bacaan dina basa Sunda, dina ieu mangsa Ruhaliyah nendeskeun lolobana bahan bacaan téh dina pindo citak. Sawatara novél anu aya dina mangsa katujuh di antarana ieu di handap.

Tabél 2. 5
Novél Sunda nu Medal Taun 2000-nepi ka Kiwari

No.	Judul	Pangarang	Penerbit	Taun
1.	<i>Galuring Gending</i>	Tatang Sumarsono	Girimukti Pusaka	2001
2.	<i>Lembur Singkur</i>	Abdullah Mustappa	PT. Kiblat	2005
3.	<i>Wisnuwarman</i>	Yoseph Iskandar	Geger Sunten	2007
4.	<i>Bujang Pangalasan</i>	Yoseph Iskandar	Sugma	2007
5.	<i>Babad Galuh</i>	M. Nasin / Witarsa	Widya Pustaka	2008

2.1.2.4 Papasingan Novél

Sabada Indonesia merdéka, novél Sunda téh beuki ngeuyeuban. Kamekaran sastra Sunda nepi ka kiwari kapangaruhan ku téhnologi informasi. Ayana internet ngalantarankeun nulis jeung ngirim naskah jadi gampang, nepi ka jumlah nu ngarang buku basa Sunda téh beuku loba (Ruhaliah, 2012, kc 103). Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 39) novéllét-novél téh nyaéta prosa rékaan anu ngawujud lalakon (*naratif*), wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang (*kompleks*). Ku kituna novél bisa midangkeun rupa-rupa palaku, kajadian, laluasa ngagambarkeun latar, jeung teleb ngahirupkeun karakteristik tokoh.

Dina R Isnendes (2017, kc. 33-34) netelakeun yén dumasar ségmén pamaca jinis novél dibédakeun jadi tilu rupa, di antarana.

1) Novél Barudak

Dina ieu kategori novél di jerona maluruh ungkara-ungkara rasaan hiji budak anu diébréhkeun kana wangun tulisan jeung utamana pikeun dibaca ku barudak. Salian ti éta, jangreu novél barudak ilaharna maluruh ngeunaan carita fiksi jeung non fiksi (anu saluyu jeung naon nu kaalaman ku manéhna) (Faidah, 2018, kc. 126). Conto novél na nyaéta *Budak Teuneung*, *Budak Minggat*, *Babalik Pikir* karya Samsudi, *Si Paser* karya Sumarsono, *Tepang di Bandung* karya Taufik Faturohman, *Nala* karya Darpan, *Kasambet* karya Ahmad Bakri, jeung *Jamparing* karya Chyé Retty Isnéndés.

2) Novél Rumaja

Dina ieu katégori novél nurutkeun Mahmud (Syahrul, 2017, kc. 90) Novél rumaja nyaéta karya sastra fiksi anu eusina maluruh ngeunaan kahirupan sosial para rumaja, ilaharna ngangkat masalah nu teu bangga jeung wangnna basajan. Aya sawatara novél rumaja nyaéta *Asmara Ngambah Sagara* karya Aam Amalia, *Rini Jeung Mikung* karya Abdullah Mustappa, jeung *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli, *Katineung* karya Holisoh M.E., *Pangantén* karya Deden Abdul Aziz, *Handeuleum na Haté Beureum* karya Chyé Retty Isnéndés, jeung *Prasasti nu Ngancik na Ati* karya Popon Saadah.

3) Novél Dewasa

Dina ieu katégori novél nurutkeun Sarumpaet (Fitriana, 2013, kc. 4-5) novél rumaja nyaéta karya sastra anu sifatna fakta, ngagunakeun basa carita nu bangga, nyaritakeun kahirupan sosial nu kompleks (konflik, pangalaman, jeung konsép ngeunaan kahirupan), jeung ayana unsur hiji carita anu dumasar kana psikologis (kamekaran moral, masalah jiwa, jeung pamahaman psikologi ngeunaan kahirupan sosial). Conto novél na saperti *Baruang ka nu Ngarora* karya D.K. Ardiwinata, *Lain Éta* karya Moh. Ambri, *Pipisahan* karya RAF.

Lian ti éta, nurutkeun R Isnendes (2017, kc. 34-35) yén novél dumasar eusi caritana dibagi jadi sababaraha jinis, di antarana.

1) Novél Avontur

Novél avontur nyaéta novél anu di jerna museur kana hiji lalakon atawa palaku utamana (Rahayu, 2020, kc.3). Runtuyan kajadian ti mimiti nepi ka ahir dialaman ku palaku utama dina éta novél. Conto novél na nyaéta *Demung Janggala* jeung *Bantahan* karya Tatang Sumarsono.

2) Novél Sosial

Novél sosial nyaéta novél anu nyaritakeun rupaning masalah ngeunaan stratifikasi sosial dina hiji lingkungan kahirupan sosial manusa (Anam, 2019, kc. 16). Conto novél na nyaéta *Baruang ka nu Ngarora* karya DK. Ardiwinata, *Lain Éta* karya Moh. Ambri, jeung *Pipisahan* karya RAF.

3) Novél Psikologis

Novél psikologis nyaéta novél anu museur kana pamariksaan sakabéh tina pikiran-pikiran palaku (Mulyono, 2018, kc. 96). Conto novél na nyaéta *Dedeh* karya Yus Rusamsi, *Manéhna* karya Syarif Amin, jeung *Pipisahan* karya RAF.

4) Novél Sajarah

Novél sajarah nyaéta novél anu patali jeung fakta-fakta nu dikumpulkeun ngaliwatan panalungtikan minangka sumber. Ieu mangrupa salahsahiji léngkah-léngkah atawa prosedur panalungtikan sajarah anu disebut *heuristic* (Kurniawan, 2017, kc. 61). Conto novél na nyaéta *Pangeran Kornel jeung Mantri jero* karya R. Mémed Sastrahadiprawira, *Subaglarang, Perang Bubat, Tanjeur na Juritan Jaya di Buana, Tri Tangtu Di Bumi* karya Yoseph Iskandar.

5) Novél Detektif

Novél détektif nyaéta novél anu museur caritana kana néangan tanda bukti, boh éta hiji palaku boh éta tanda-tanda (Fadilla, 2020, kc. 3). Conto novél na nyaéta *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara, *Rajapati di Pananjung* karya Ahmad Bakri.

6) Novél Rumah Tangga

Novél rumah tangga nyaéta réalita kahirupan nu kompleks. Salian ti éta, dina novél rumah tangga miboga lima ajén budaya nyaéta ajén kayakina, ajén kasabaran, ajén pangharepan jeung hal nu geus kahontal, ajén kasaluyuan, jeung ajén kasatiaan (Suharti, 2021, kc. 574). Conto novél na nyaéta *Potrét* karya Ahmad Bakri, *Kembang Rumah Tangga* karya Tjakra, *Puputon, Kembang-Kembang Anten*, jeung *Tempat Balabuh* karya Aam Amalia.

7) Novél Dunia Siluman

Novél dunia siluman nyaéta novél anu nyaritakeun sawangan budaya, sarta realisme magis anu miboga rohang “inter”, nyaéta rohang nu mawa harti budaya ngaliwatan literatur anyar nu ditulis tina budaya jeung kasang tukang hibrida. (nurutkeun KBBi hibrida nyaéta turunan anu dihasilkeun tina gabungan antara dua wanda nu béda) (Hudayat, 2021, kc. 94). Conto novél na nyaéta *Mujung* jeung *Burak Siluman* karya Moh. Ambri.

8) Novél Saduran

Novél saduran nyaéta novél anu disadur dina hiji basa ka basa lianna. Conto novélna nyaéta *Pependem Nabi Sulaéman* disadur ku Moh. Ambri tina karya *Ridder Haggart king Salomon's Mine*.

2.1.3 Strukturalisme

2.1.3.1 Wangenan Strukturalisme

Sacara étimologis strukturalisme asalna tina kecap struktur anu hartina nyaéta aya hubungan anu netep antara kelompok-kelompok gejala atawa unsur (*elements*), éta hubungan téh digelar ku panalungtik kana hasil panalungtikan (Koswara, 2013, kc. 12). Lian ti éta, strukturalisme nyaéta hiji pergerakan inteléktual anu gelarna di Prancis. Strukturalisme dina praktékna leuwih umum dianggap minangka hiji kaédah atawa métode anu udaganna pikeun ngalelempeng atawa mére pangajén ka para panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikanna anu leuwih nyosok jero ngeunaan hiji objék kajian.

Nurutkeun Koswara (2013, kc. 16) yén strukturalisme nganggap karya sastra mangrupa hiji gejala anu maknana ngan ukur bisa disungsi tina unsur-unsur intrinsikna hungkul. Éta pamadegan luyu jeung nu diébréhkeun Semi (2012, kc. 84) yén karya sastra téh minangka hiji wujud anu madeg mandiri, ku kituna dina panalungtikan karya sastra anu kudu ditalungtik nyaéta aspék atawa unsur-unsur anu ngawangun éta karya sastra.

Strukturalisme nyaéta pamarekan kana hiji karya sastra pikeun nganalisis patalina unsur-unsur dina hiji objék (Koswara, 2013, kc. 13). Ieu hal luyu jeung pamadegan Isnendes (2018, kc. 74) anu medar yén strukturalisme téh nyaéta pamarekan kana hiji karya sastra anu sipatna otonom. Hartina kumaha pikeun maham hiji karya ku cara nganalisis kana struktur karya nu geus ngawengku sistem pangwangun karyana. Analisis struktural miboga udagan pikeun ngabongkar jeung ngajelaskeun kalayan écés, detail, jeung jero kana sakabéh anu patali jeung aspék karya sastra anu sarua ngahasilkeun makna anu sagemblengna (Teeuw, 2015, kc. 106). Ku kituna, analisis struktural bisa digunakeun pikeun nganalisis struktur jeung unsur-unsur pangwangun dina hiji téks.

Konsép-konsép struktural dina karya sastra séjénna ditétlakeun ogé ku Stanton (2019, kc. 20) nu ngabagi métode dina maca jeung nganalisis karya fiksi jadi tilu nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana carita. Jadi tina sababaraha pamadegan di luhur bisa dicindekeun yén struktural téh nyaéta métode anu ngaguar unsur-unsur pangwangun dina hiji karya sastra, unsur-unsur nungawangunna nyaéta téma, fakta carita (galur, tokoh, latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya basa). Salian ti éta Isnendes (2018, kc. 95) nétélakeun yén unggal unsur anu aya dina karya sastra téh miboga harti, tur aya patalina jeung makna anu béda-béda dina unggal struktur kalayan gembleng.

2.1.3.2 Struktural Robert Stanton

Stanton (2019, kc. 20) ngadéskripsikeun yén karya fiksi diwangun ku tilu unsur nyaéta 1) téma; 2) fakta carita (galur, tokoh, latar); jeung 3) sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya basa).

1) Téma

Téma mangrupa ide pokok dina hiji carita. Nurutkeun Stanton (2019, kc. 36) téma mangrupa aspék carita anu sajarah jeung makna dina pangalaman hiji jalma; naon-naon anu disebut pangalaman téh bakal salawasna dipikainget. Réa pisan carita anu ngagambarkeun kajadian atawa émosi anu kaalaman ku jalma saperti cinta, katideresa, kasieun, kayakinan, prosés jadi sawawa, lampah hianat ka diri pribadi, disilusi, atawa umur anu kolot. Téma méré kakuatan kana kajadian-kajadian anu keur dicaritakeun sakaligus nyaritakeun kahirupan dina konteks nu umum. Ku kituna, téma jadi bagian anu penting dina carita sarta moal bisa dipisahkeun. Téma lain hal anu langsung diébréhkeun ku panulis tapi ngaliwatan fakta-fakta saperti “moralitas”. Téma bisa jadi ku panulis ditembrakkeun (ditulis), tapi mindengna mah implisit, sok dicindekeun ku pamaca (Iskandarwassid, 2019, kc. 163).

2) Fakta Carita

Nurutkeun Stanton (2019, kc. 23) fakta carita dibagi jadi tilu, nyaéta galur (*plot*), tokoh, jeung latar. Ieu élemén téh miboga fungsi salaku kajadian imajinatif

tina hiji carita. Lamun dirangkum jadi hiji, sakabéh élemén éta dingaranan “struktur faktual” atawa “tingkatan faktual carita”.

a) Galur

Galur mangrupa runtuyan kajadian-kajadian anu dipatalikeun sacara kausal. Kajadian kausal mangrupa kajadian anu ngabalukarkeun ayana kajadian séjén, jeung éta kajadian téh mangaruhan kana lumangsungna hiji carita (Stanton, 2019, kc. 29).

Dina Stanton (2019, kc. 28) nételakeun galur miboga hukum sorangan, nyaéta bagian awal, tengah, jeung ahir anu nyata; bisa ngayakinkeun anu maca, logis; bisa nyiptakeun surprise (kejutan); sarta nimbulkeun sakaligus mungkas klimaks anu aya dina caritaan.

Dumasar kana wangunna, Koswara (2013, kc. 144) ngabagi galur jadi tilu rupa nyaéta:

- a. galur maju, mangrupa galur anu caritana saluyu jeung tahapan galur nyaéta ti mimiti *situation, generating, circumstances, rising action, climax, jeung denounment*;
- b. galur mundur, mangrupa galur anu tahapan caritana teu saluyu jeung tahapan galur. Pangarang nyaritakeun kajadian sacara *flashback* atawa nyaritakeun konflik ditingali tina kajadian baheula; jeung
- c. galur campuran, mangrupa gabungan galur maju jeung galur mundur. Pangarang ngagunakeun tahapan galur anu saluyu, tapi sawaktu-waktu pangarang bisa nyaritakeun caritana sacara *flashback*;

b) Tokoh (Palaku)

Tokoh atawa palaku nyaéta jalma-jalma anu ngalalakon dina hiji carita (dongéng, carita pondok, novél, wawacan, jeung drama). Nurutkeun Koswara (2013, kc. 46) tokoh dina carita miboga fungsi pikeun mawa anu maca kana hiji tujuan, misalna pikeun meunangkeun makna hiji carita. Jadi lamun euweuh tokoh dina hiji carita bakal hésé mawa masalah kana tujuan anu rék dihontal.

Satuluyna Koswara (2013, kc 35) medar yén tokoh di bagi jadi dua dumasar kana peranna. Kahiji, tokoh utama atawa tokoh inti anu miboga peran penting dina

hiji carita. Kadua, tokoh tambahan atawa tokoh *pembantu* anu peranna kurang penting lantaran ayana saukur jadi panglengkep atawa tambahan dina hiji carita. Pikeun nangtukeun tokoh utama jeung tambahan dina hiji carita, bisa ku cara niténan tokoh mana anu sering muncul dina hiji carita.

Aya dua cara pikeun maluruh tokoh jeung penokohan, nurutkeun Koswara (2013, kc. 250) yén aya dua métode anu bisa dipaké pikeun ngagambarkeun hiji tokoh dina carita nyaéta métode analitik jeung métode dramatik. Ieu pamadegan téh luyu jeung pamadegan Suwardi Tasrip (dina Lubis, 1981 kc. 18) aya tujuh cara pikeun ngadeskripsikeun carita penokohan saperti ieu di handap.

a. Métode analitik

Métode analitik nyaéta pangarang sacara langsung ngajéntrékeun watek palaku dumasar kana jalan pikiran atawa naon anu kapikir ku tokoh (*portrayal of thought stream or of concions thought*), bentuk jasmani (*phisycal description*), jeung analisis pangarang sacara langsung kana tokoh carita (*direct outhter analysis*).

b. Métode dramatik

Métode dramatik nyaéta pangarang teu milu ngagambarkeun hiji tokoh, tapi para tokoh némbongkeun dirina sorangan sacara langsung ngaliwatan paripolahna. Ku kituna, anu maca kudu napsirkeun watek para tokoh dumasar kana tokoh-tokoh séjén anu ngobrolkeun tokoh utama (*conversation of other about character*), situasi sabudeureun tokoh (*discussion of environment*), tanggapan atawa sawangan tokoh séjén ngeunaan tokoh utama (*reaction of other to character*), jeung tanggapan tokoh kana kajadian anu karandapan (*reaction to evens*).

c) Latar (*Setting*)

Latar nyaéta lingkungan anu ngawengku hiji kajadian dina carita, latar biasana nuduhkeun kaayan rohangan jeung kaayaan alam. Latar bisa mangaruhan kana palaku-palaku dina carita. Sakumaha Iskandarwassid (2019, kc. 112) nétélakeun yén anu disebut latar atawa setting nyaéta gambaran waktu, kaayaan pajamanan, patempatan, lingkungan, suasana, jst. Dina sababaraha carita bisa ditilik yén latar miboga daya pikeun munculkeun *tone* jeung *mood emosional* nu ngawengku palaku (Stanton, 2019, kc. 35). Ku kituna latar miboga peran penting dina ngaluarkeun kaayaan jiwa anu aya dina diri hiji tokoh, tegesna mah mangrupa salah sahiji

komponén dina adegan karangan. Latar kabagi jadi tilu nyaéta latar tempat, waktu, jeung sosial.

a. Latar tempat

Latar tempat biasana nuduhkeun tempat anu ngawengku kabéh kajadian anu aya dina carita jeung sakumaha anu pagilinggisik dina éta kajadian anu lumangsung.

b. Latar waktu

Latar waktu nuduhkeun iraha kajadian anu dipilampah ku tokoh dina carita.

c. Latar sosial

Latar sosial nuduhkeun kaayan hiji kajadian dina carita. Hubungan paripolah kahirupan sosial masarakat hiji tempat atawa aya patalina status sosial tokoh séjén.

3) Sarana Sastra

Sarana sastra bisa dihartikeun minangka métode (pangarang) milih jeung nyusun sacara detail carita sangkan kahontal pola-pola anu miboga makna. Ieu métode kudu lantaran pamaca bisa ningali fakta carita ngaliwatan kacamata pangarang, maham naon anu dimaksud fakta-fakta éta ka pangalaman ogé bisa dibagi (Stanton, 2019, kc. 46-47).

a) Judul

Nurutkeun Stanton (2019, kc. 51) judul téh teu salawasna luyu atawa ngagambarkeun eusi carita. Aya ogé judul anu sabenerna mah teu ngagambarkeun atawa teu ngawakilan eusi carita. Saenyana judul bisa dirumuskeun lain tina inti carita atawa palaku utamana hungkul. Judul ogé bisa dirumuskeun tina hal leutik dina carita anu teu salawasna katitén. Tapi judul pasti miboga harti anu jero, memang teu sakabéh anu maca ngarti kana éta judul. Judul ogé bisa jadi mangrupa acuan pikeun jadi bahan euteung kana sakabéh eusi carita.

Jadi dumasar pamadegan di luhur, judul téh nyaéta ciri anu bisa ngawakilan atawa ngagambarkeun eusi carita. Aya ogé judul anu teu ngagambarkeun eusi carita, biasana miboga makna anu leuwih jero anu idéntik jeung kajadian-kajadian dina jero carita.

b) Puseur Implengan (*point of view*)

Nurutkeun Stanton (2019, kc. 53) tiap pamaca pasti miboga tanggapan anu béda-béda ngeunaan hiji hal atawa kajadian anu aya dina carita. Pusat kasadaran pamaca dina maham unggal kajadian disebutna puseur implengan. Dumasar kana tujuanna, puseur implengan kabagi jadi opat tipe utama. Jalma kahiji-utama, pangarang nyaritakeun sorangan. Jalma kahiji-sampingan, pangarang nyaritakeun carita ngaliwatan ngaran palaku-palaku anu aya dina carita. Jalma katilu-kawatesanan, pangarang nyoko kana sakabéh palaku jeung pangarang aya dina posisi palaku katilu. Jalma-katilu teu kawatesanan, pangarang lalua nyaritakeun palaku anu ku palaku katingali, karasa, atawa kadéngé ku pangarang bisa dicaritakeun.

Puseur sawangan ogé bisa nyieun anu maca maham kana pangalaman karakter dina carita, salian ti éta pamaca ogé maham kana pangalaman jeung posisi pangarang nepi ka pangarang bisa nyiptakeun karakter dina carita (Stanton, 2019, kc. 56). Sawangan pangarang salawasna marengan karyana nepi anu maca ngarasa yén éta téh sawanganna sorangan salaku anu maca.

Jadi bisa dicindekkeun yén puseur sawangan nyaéta sawangan pangarang dina karyana, kumaha pangarang ngambarkeun karakter dina karyana, jeung hubungan antara pangarang jeung karyana, nepi ka mana pangarang ili anclub kana galur atawa karakter dina karyana.

c) Gaya Basa

Gaya basa nurutkeun Stanton (2019, kc. 61) basa mangaruhan hiji cara anu digunakeun ku pangarang pikeun ngagunakeun basa. Ieu hal téh bisa ngabédakeun jenis karya tulisan anu ditulis ku pangarang hiji jeung pangarang séjénna.

Gaya basa nurutkeun wandana kabagi jadi 12 wanda gaya basa, nyaéta gaya basa ngupamakeun, gaya basa lalandian, gaya basa mijalma, gaya basa ocon, gaya basa ngasor, gaya basa rautan, gaya basa raguman, gaya basa rarahulan, gaya basa kadalon, gaya basa ébréhan, gaya basa kahanan, jeung gaya basa silib.

2.2 Panalungtikan Saméméhna


Panalungtikan saméméhna ngeunaan sastra bandingan di antarana ieu di handap.

- 1) “Babandingan Struktur Dongéng Nini Antéh jeung carita Drama Antéh pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng Kelas VII SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)” ku Resti Pandani (2019) anu nalungtik ngeunaan babandingan struktural téma, tokoh, galur, jeung latar dina masing-masing dongéng *Nini Antéh* jeung *Drama Antéh*. Dina ieu panalungtikan medar ngeunaan ajén étnopedagogik anu aya dina dongéng *Nini Antéh* jeung *drama Antéh*. Hasilna ieu panalungtikan cocog pikeun dijadikeun bahan ajar di SMP kelas VII.
- 2) “Babandingan Novél Lain Éta karya Moh. Ambri jeung Djeumpa Atjeh karya H.M. Zainuddin (ulikan Strukturalisme jeung Etnopedagogik)” ku Witri Gustani (2017) anu nalungtik ngeunaan babandingan téma, fakta carita, jeung sarana sastra dina dua karya tuluy dipatalikeun jeung étnopédagogik.
- 3) “Struktur Naratif dina Naskah Drama nu Jaradi Korban karya R. Hidayat Suryalaga jeung Naskah Drama Ayahaku Pulang karya Usmar Ismail (Ulikan Sastra Bandingan)” ku Dian Brilyan Priangga (2020) anu nalungtik ngeunaan struktur naskah drama anu ngawengku prolog, dialog, babak, adegan, monolog, kramagung, aside, jeung épilog. Analisis sastra bandingan dina ieu panalungtikan nyaéta ngabandingkeun ngeunaan unsur carita drama anu ngawengku téma, jeung fakta carita (tokoh, galur, jeung latar carita).

2.3 Raraga Mikir

Raraga mikir nyaéta dadasar anu dijadikeun tatapakan tiori dina panalungtikan. Objék panalungtikan dina ieu skripsi nyaéta Novél *Baruang ka nu Ngarora* karya D.K. Ardiwinata jeung Novél *Siti Nurbaya* karya Marah Rusli. Tiori sastra bandingan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamadegan Endraswara. Anu munggaran dilakukeun nalika nganalisis dua karya nyaéta maluruh heula ngeunaan unsur strukturalna. Tiori anu dipaké pikeun nganalisis struktur carita nyaéta tiori Robert Stanton anu nyebutkeun yén unsur-unsur dina pamarekan struktural téh ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Dina ieu

panalungtikan ngan medar ngeunaan téma, jeung fakta carita anu ngawengku galur, tokoh, jeung latar. Sangkan leuwih jéntré, di handap baris digambarkeun raraga mikir dina ieu panalungtikan.



Bagan 2. 1
Raraga Mikir